

A knight in ornate golden armor is kneeling on a red cloth, with his hands clasped in prayer over an open book. The scene is dramatically lit from above, creating a strong glow on the knight's face and the pages of the book. The background is dark and atmospheric.

VANORWIRA MUMUNAMATO

“Ndinoda Jehova, nokuti unonzwa
Inzwi rangu nokukumbira kwangu.
Zaakarereka nzeve yake kwandiri,
Ndicadana kwaari mazuva angu ose” (Mapisarema 116:1, 2)








Zvisikwa zvose, kusanganisira vanhu, vakasikwa naMwari vachikwanisa kutaurirana, uye naYe.

Zvinosuruvarisa, vanhu vakarasikirwa nekukwanisa kutaura vakatarisana naMwari apo Adhamu naEvha vakatadza.

Asi Mwari akatsiira chipo. “Foni” inotitendera kuti tirambe tichitaurirana Naye: munamato.

Danieri, Enoki, uye Mozisi mienzaniso yokushandisa kwatinoita chipo ichi chine simba.



Danieri:



Kunamata munguva dzine njodzi



Namata uri pachimiro chakakodzera.



Enoki:



Hupenyu hwemunamato



Mozisi:



Kutaura naMwari



Kunamatira vamwe




DANIERI
DANIERI

KUNAMATA MUNGUVA DZINE NJODZI


“Ndikarinzira ciso cangu kunaShe Mjari, ndikamutşaka nokunyengerera nokukumbira, nokuzinyima zokudya, namasaga namadota.”
(Danieri 9:3)

Nemhaka yokuvimba kwake naMwari, Danieri akagamuchira ungaru, mano okududzira zviroto, nouchenjeri (Dan. 1:8, 17, 20). Apo upenyu hwake nehwehamwari dzake hwakanga huri mungozi, akanyengerera kuna Mwari (Dan. 2:17-23).

Pashure poupenyu hwokunyengerera, Danieri akanga ava nounhu hupi (Dan. 6:3-5)?



MUTUNGAMIRI
AKANAKA



KUTENDEKA




HANYA NEKUZVIPIRA



KUSATSVIKA



KUVIMBIKA



KUKUDZWA




DZAKAIPA
KUSAVA NETSIKA

KUNAMATA MUNGUVA DZINE NJODZI

“Ndikarinzira ciso cangu kunaShe Mjari, ndikamutşaka nokunyengerera nokukumbira, nokuzinyima zokudya, namasaga namadota.” (Danieri 9:3)

Denga rakanga rakateerera munyengetero waDanieri (Dan. 9:20-23; 10:12). Kungotyora chisungo ichi chete vavengi vake vaigona kumukuvadza(Dan. 6:5-7).

Atarisana neiyi tyisidziro itsva yorufu, Dhanieri akaramba ata miitiro yake yokunyengerera (Dan. 6:10):



Akanga
asingashand
uki,
achinyenget
era katatu
pazuva



Yaiva
garoziva,
aivhura
hwindo
rakatarira
kuJerusarema



Aiva netsika
yake;
ainamata
akapfugama



Waainangid
zira
pakuonga
nokuteterer
a

NAMATA URI PACHIMIRO CHAKAKODZERA

“Zino Danieri wakati anzwa kuti runyoro rwaiswa zita ramambo, akapinda mumba make (zino mawindi ekamuri yake akanga akazarurwa acitarira kurutiwi rweJerusarema); akafugama namabvi ake katatu nezvwa, akanyengetera nokuvonga pamberi paMjari wake, sezaaisiita.” (Danieri 6:10)



Kuvhara maziso edu kunotibvumira kuisa pfungwa dzedu pamunyengetero, asi mune mamwe mamiriro ezvinhu hazvibviri (kufamba, kutyaira, nezvimwewo).

Chinokosha ndechokuti minyengetero yedu inoitwa noruremekedzo rwakafanira kuna Mwari.

Patinonyengetera, tinotaura kuna Mwari sokunge tiri kutaura neshamwari. Zvisinei, Mwari haana kufanana nesu. Ndiye Mambo weZvisikwa zvose.

Nokuda kwechikonzero ichi, tsika yaDhanieri yakanga iri yokupfugama pamberi Pake kuti anyengetere, achimubvuma saChangamire wake.


Sezvo tichigona kunyengetera kuna Mwari mumamiriro ezvinhu api naapi uye panguva ipi neipi, hakusi nguva dzose kunobvira kana kuti kuri madikanwa kuita kudaro nenzira iyi.



NAMATA URI PACHIMIRO CHAKAKODZERA

"Zino Danieri wakati anzwa kuti runyoro rwaiswa zita ramambo, akapinda mumba make (zino mawindi ekamuri yake akanga akazarurwa acitarira kurutiwi rweJerusarema); akafugama namabvi ake katatu nezuba, akanyengetera nokuvonga pamberi paMwari wake, sezaisiita." (Danieri 6:10)

MuBhaibheri tinowana mienzaniso yevanhu vakanyengetera nenzira dzakasiyana-siyana, maererano nemamiriro avo ezvinhu.




Jehoshafati
akanyengeter
a amire
pamberi
pavanhu
(2Makoronike.
20:5)



Dhavhidhi
akagara
pamberi
paMwari
achivonga
(2S. 7:18)



Soromoni
akanyengetera
akapfugama,
maoko ake
akasimudzwa
(1Madzi. 8:54)



Vanhu
vakakotamisa
misoro kuti
vanamate
(Neh. 8:6)



Dhavhidha
akanamata
akakotama
panhovo yake
(1Madzi. 1:47)



Nehemia akamira
ndokunyengetera
chinyararire
pamberi
pamambo
(Neh. 2:1-4)

Pasinei nemaonero edu, Bhaibheri rinotikurudzira kuti tirambe tichinyengetera (1 VaTes. 5:17), tichitsungirira (Vakorose. 4:2) uye nguva dzose.(VaRoma. 12:12).



ENOKI
ENOKI



HUPENYU HWEMUNAMATO

“Enoki akafamba naMhari, akasazova'po, nokuti Mhari wakamutora.” (Genesisi 5:24)

Enoki akararama munguva dzakaoma, apo uipi hwapanguva yeMafashamo asati auya hwakanga huchiwedzera. Nokuzvarwa kwomwanakomana wake, kunzwisisa kwake Mwari kwakawedzera, uye ruwadzano rwake Naye rwakawedzera (Gen. 5:21-24).

Munyengerero wakanga uri chinhu chinokosha muhukama ihwohwo. Basa rake parakaramba richiwedzera uye richiwedzera hukoshi, minamoto yake yairamba ichiwedzera uye yakasimba. Dzimwe nguva, aienda kunzvimbo dzakahwanda kuti ave nohukama naMwari. Zvisinei, aigara achidzokera kuvanhu kuti avaudze zivo yake yaMwari.

Mwari anotinzwa mubishi nekutatarika kwehupenyu hwemazuva ese uye mukunyarara kwekudzokera shure. Hapana nzvimbo paNyika yaasingakwanise kutiona nekutinzwa. Tinogona kutaura munyengetero wedu nemashoko (anotibatsira kuisa pfungwa dzedu pamwoyo), kana kuti tingazviita chinyararire (zvinotibatsira kutaura zvatinofunga). Chinokosha ndechokuti usamborega kutaura naMwari mumunyengerero.





MOZISI

KUTAURA NAMWARI

**"Hakuna-kuzomuka ze muprofita pakati paIsraeri wakafanana naMosesi, wakanga acizikanwa naJehova, ziso zakatarisana"
(Deuteronomio 34:10)**

Pakunzwa inzwi raMwari richitaura kubva paSinai, vanhu valsraeri vakakumbira kuti lye asataura navo zvakananga zvakare, nokuti vaitya kufa nokuda kwenzwi Rake(Eki. 20:18-19).



Izvi handizvo zvakaitika kuna Mozisi, uyo akataura naMwari vakatarisana (Deuteronomio 34:10). Kwamakore 40 (kubva pagwenzi raipfuta kusvikira parufu rwake), Mozisi naMwari vaiva nekurukurirano pachavo dzenguva dzose(Eki. 33:9-11).



Bhaibheri rinotaura nezvemazuva anoverengeka emazuva makumi mana umo Mwari akapa Mozisi mirayiridzo chaiyo yokuvaka tabhenakeri uye akamuudza mitemo yakasiyana-siyana. Mukati mekurukurirano idzi, Mozisi akarevererawo vanhu.



Hatina ropafadzo yokutaura naMwari takatarisana, asi munyengetero unozadza mukaha iwoyo nokutibvumira kutaura zvakananga Naye

KUNAMATIRA VAMWE

“Jehova wakanga aneshungu vo kwazo naAroni, akada kumuparadza, ndikanyengeterera Aroni vo nenguva iyo.”

(Deuteronomio 9:20)

Patinonamatira vamwe tinee tichimirira vamwe vanhu (Jakobho 5:16; Mateo 5:44; 1 Timotio 2:1-4).

Mozisi akamiririra vamwe kuna Mwari pazviitiko zvakasiyana-siyana uye nezvikonzero zvakasiyana-siyana:

★ NHENGO DZEMHURI YAKE

★ VANHU



* Nokuda kwechivi chaAroni (Deut. 9:20)



* Nokuda kwokunyunyuta kwaMiryemu (Nm. 12:10-13)



* Pavakanga vave nenyota (Eki. 15:24-25)



* Pavakanga vave nenzara (Nm. 11:11-13)



* Pavakaita chivi (Eki. 32:30-32)

Chii chakaita kuti Mozisi anyengeterere vamwe?

Chinhu chimwe chetecho chinofanira kutikurudzira: kuda avo vatinonyengeterera.



“Tinofanira kunamata mumhuri, uye pamusoro pezvose hatifanire kuregeredza munamato wepachivande, nekuti uhwu ndihwo hupenyu hwemweya. Hazvibviri kuti mweya ukure asi munamato uchiregeredzwa. Munamato wemhuri kana paruzhinji chete hauna kukwana. Pakuva wega mweya ngauzarurwe kuziso rinoongorora raMwari. Munamato wepachivande unofanira kunzwiwa chete naMwari anonzwa munamato. Hapana nzeve inoda kuziva inogamuchira mutoro wezvikumbiro zvakadaro. Mumunamato wepachivande mweya wakasununguka kubva kupesvedzero dzakaukomberedza, hauna manyawi. Ichasvasvavirira Mwari zvakadzikama, asi nesimba. Simba rinobva kuna Iye anoona pakavanda richatapira, ane nzeve yakazaruka kuti anzwe munamato unobva mumwoyo.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo